

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Ieu bab medar ngeunaan hal-hal nu patali jeung métodologi nu digunakeun dina panalungtikan “Kumpulan Carita Drama Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Ajar di SMA/SMK/MA (Tilikan Psikologi Pendidikan)”. Hal nu dipedar téh ngawengku: (1) métode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) sumber data, (4) téhnik panalungtikan, jeung (5) instrumén panalungtikan,

3.1. Métode Panalungtikan

Prosés nyangking data dina hiji panalungtikan téh merlukeun métode panalungtikan nu luyu jeung tujuan panalungtikan. Éta métode digunakeun waktu ngumpulkeun data, nganalisis, napsirkeun, nepi ka nyindekkeun hasil. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif sarta ngagunakeun métode déskriptif. Nurutkeun Sugiono jeung Sukmadina (dina Gainau, 2016, kc. 28) métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan nu medar, ngadéskripsikeun, jeung ngainterprétasikeun hiji objék atawa hiji kaayaan ngagunakeun prosedur ilmiah. Dina ieu panalungtikan, métode déskriptif téh digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktur carita, psikologi pendidikan, sarta bahan ajar nu patali jeung carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga.

3.2. Desain Panalungtikan

Waktu ngalaksanakeun panalungtikan, perlu aya patokan nu sistematis sangkan prosés panalungtikan bisa éféktif jeung éfisién. Éta patokan nu sistematis téh disebut desain panalungtikan. Desain panalungtikan disusun kalayan merhatikeun pamarekan nu digunakeun sarta pola mikir ilmiah.

Panalungtikan “Kumpulan Carita Drama Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Ajar di SMA/SMK/MA (Tilikan Psikologi Pendidikan)” téh ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan panalungtikan nu tujuanna ngadéskripsikeun objék panalungtikan sacara verbal kalayan ngagunakeun basa jeung ma’na nu dipatalikeun jeung lingkungan sosial (Sugiarti, 2020, kc. 17). Léngkah-léngkah panalungtikan kualitatif téh ngawengku 1) tatahar,

Irma Subantari, 2023

KUMPULAN CARITA DRAMA KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR
SASTRA DI SMA/SMK/MA (TILIKAN PSIKOLOGI PENDIDIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


2) kajian pustaka, 3) nangtukeun métode panalungtikan, 4) hasil jeung pedaran, sarta 5) nyieun kasimpulan.

Pola mikir ilmiah nyaéta léngkah-léngkah panalungtikan. Léngkah-léngkah mikir ilmiah téh ngawengku 1) nangtukeun masalah, 2) nyusun hipotésis, 3) ngumpulkeun data, 4) ngolah data, sarta 5) nyieun generalisasi jeung implikasi.

Kalayan ngadumaniskeun antara pamarekan kualitatif jeung pola mikir ilmiah, desain panalungtikan “Kumpulan Carita Drama Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Ajar di SMA/SMK/MA (Tilikan Psikologi Pendidikan)” dirumuskeun dina bagan di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



Dumasar desain panalungtikan dina bagan 3.1, tétéla léngkah-léngkah panalungtikan nu dilakukeun téh nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun pasualan nu dianalisis, nyaéta carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga nu bisa digunakeun keur bahan ajar di SMA/SMK/MA.
- 2) Milah-milah carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga pikeun dijadikeun objék panalungtikan, dumasar téma sarta basa nu digunakeun.
- 3) Nyusun rumusan masalah nu luyu jeung tujuan panalungtikan, nyaéta ngulik struktur carita, aspék kajiwaan, jeung luyu henteuna éta carita drama pikeun bahan ajar di SMA/SMK/MA.
- 4) Ngumpulkeun sumber réferénsi nu bisa ngarojong kana prosés panalungtikan, utamana ngeunaan strukturalisme, psikologi pendidikan humanisme, jeung kritéria bahan ajar.
- 5) Maca, nalaah, jeung nganalisis stuktur carita sarta psikologi pendidikan dina carita drama karya R. Hidayat Suryalaga.
- 6) Ngadéskripsikeun data hasil analisis panalungtikan.
- 7) Nyieun kacindekan panalungtikan.
- 8) Nyusun laporan panalungtikan.

3.3. Sumber Data Panalungtikan

Objék panalungtikan téh kaasup kana sumber data. Ieu hal luyu jeung kamandang Arikunto (2010, kc. 172) nu nétélakeun yén sumber data nyaéta subjék tina data-data nu dicangking. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga.

Naskah-naskah drama R. Hidayat Suryalaga nu kapaluruh téh aya dua puluh tujuh carita. Dua puluh dua carita dicangking ti Teater Sunda Kiwari, opat carita dicangking tina buku kumpulan drama barudak inventaris pribadi Dr. Teddi Muhtadin, sarta hiji carita dicangking ti Pusat Digitalisasi dan Pengembangan Budaya Sunda Universitas Padjadjaran. Anapon judul-judul carita drama nu kapaluruh nyaéta 1) “Pupuh Mijil Pada 82”, 2) “Nu Jaradi Korban”, 3) “Tiodédad”, 4) “Raja Wales”. 5) “Panti Jompo”, 6) “Pundén-Pundén Nu Rarempag”, 7) “Enggah jeung Enggih”, 8) “Nyi Arum Trésna Malati”, 9) “Runtag”, 10) “Statsion Para Arwah”. 11) “Carem”, 12) “Bon Manusa Bin”, 13) “Muntangan Alif”, 14)

“Badawang”, 15) “Julius Caesar”, 16) “Kokok-kokok”, 17) “Kukurayeun”, 18) “Mad Toing”, 19) “Nyiar Gawé”. 20) “Tambang”, 21) “Tatangga”, 22) “Sanghiang Tapak”, 23) “Ngasuh Adi”, 24) “Tasma Bapa Guru”, 25) “Ki Sabar Bagja”, 26) “Budak Leutik”, jeung 27) “Cempor”.

Dua puluh tujuh carita drama karya R. Hidayat Suryalaga téh disebut populasi. Nurutkeun Gainau (2020, kc. 95-96), populasi nyaéta sakabéh subjék panalungtikan, sedengkeun sampel nyaéta wawakil populasi nu ditalungtik, nu satuluyna baris ngahasilkeun géneralisasi panalungtikan.

Teu sakabéh carita drama digunakeun jadi sumber data lantaran prosés panalungtikan kasengker ku waktu sarta aya sababaraha carita nu geus ditalungtik. Ku kituna, pikeun nangtukeun sumber data dilakukeun sampling ngagunakeun téknik *purposive sample*. Nurutkeun Kuswari (2010, kc. 21), *purposive sample* nyaéta salasahiji téknik milih sampel tina populasi héterogén kalayan merhatikeun ciri-ciri jeung tujuan nu tangtu.

Tina dua puluh tujuh carita drama, dipilih tilu carita drama réalis. Carita drama réalis dipilih lantaran galur caritana écés, teu dibarung ku simbol-simbol, ku kituna eusi caritana bisa leuwih babari dipikapaham. Sababaraha carita drama réalis nu geus aya tuluy dipilih deui dumasar basa, téma, jeung karakteristik drama. Basa nu digunakeun kudu luyu jeung kamampuh basa siswa SMA/SMK/MA, téma carita kudu deukeut jeung kahirupan sapopoé, sarta naskahna kudu nyumponan ciri-ciri jeung unsur-unsur drama. Lian ti éta, pikeun nyingkahan plagiarisme, carita-carita drama nu dipilih téh nyaéta carita drama nu can ditalungtik saméméhna. Dumasar sababaraha katangtuan nu geus disebutkeun, tilu carita drama nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nyaéta carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”, “Panti Jompo”, jeung “Nyai Arum Trésna Malati”.

3.4. Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta cara nu digunakeun dina panalungtikan pikeun ngahontal tujuan. Téhnik panalungtikan téh ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.4.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun nyaéta téhnik studi dokuméntasi. Data téh dikumpulkeun tina carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga. Data nu dikumpulkeun téh nyaéta struktur carita, aspék kajiwaan, jeung kritéria bahan ajar.

Struktur carita medar ngeunaan eusi carita, unsur-unsur nu ngawangun naskah drama, jeung struktur carita drama dumasar kamandang Hasanuddin. Hasanuddin WS (2021, kc. 92-124) nétélakeun yén unsur intrinsik drama téh ngawengku 1) palaku, peran, jeung watek; 2) motivasi, konflik, kajadian, jeung galur; 3) latar jeung ruang; 4) basa; sarta 5) téma jeung amanat.

Aspék kajiwaan museur kana analisis psikologi palaku. Psikologi palaku perlu dianalisis pikeun leuwih maham ngeunaan eusi carita, utamana ngeunaan pola pamikiran palaku. Pola pamikiran ieu nu bisa jadi eunteung keur nu maca dina milampah kahirupan. Psikologi palaku diulik ngagunakeu tiori psikologi pendidikan kalayan ngagunakeun pamarekan humanisme. Pamarekan humanisme nyaéta pamarekan psikologi nu nétélakeun yén laku lampah manusa téh ditangtukeun ku tujuan nu hayang dihontal. Tujuan nu hayang dihontal téh raket patalina jeung kabutuhan manusa. Maslow (dina Setiawan, 2014, kc. 39-43) nétélakeun yén manusa téh boga lima hirarki kabutuhan, nyaéta 1) *physiological need*, 2) *safety need*, 3) *belongingnes and love needs*, 4) *self-esteem need*, jeung 5) *self actualization need*.

Tiori ngeunaan kritéria bahan ajar nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana kamandang Nasution (dina Haerudin, 2019, kc.34) nu nétélakeun ngeunaan hal-hal nu jadi tinimbangan guru waktu milih bahan ajar. Tinimbangan-tinimbangan éta téh ngawengku: 1) tujuan nu hayang dihontal, 2) mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, 3) mibanda ajén warisan ti entragan saméméhna, 4) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan, sarta 5) luyu jeung kabutuh jeung minat murid.

Anapon léngkah-léngkah dina ieu téhnik ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) milih carita nu baris dianalisis
- 2) nangtukeun pasualan nu baris dianalisis; jeung

- 3) maca sagemblengna carita-carita drama karya R. Hidayat Suryalaga nu dijadikeun sumber data.

3.4.2. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nyaéta téhnik nu digunakeun sanggeus ngumpulkeun data. Sanggeus objék panalungtikan ditangtukeun, éta objék téh tuluy dianalisis sangkan leuwih maham eusi carita sarta bisa ngajén luyu henteuna éta carita drama pikeun dijadikeun bahan ajar di SMA/SMK/MA.

Sampel diolah ngagunakeun tiori-tiori nu geus dipikapaham waktu ngumpulkeun data. Tiori-tiori nu digunakeun nyaéta tiori ngeunaan struktur carita drama, tiori ngeunaan psikologi pendidikan humanisme, jeung tiori ngeunaan kritéria bahan ajar. Anapon léngkah-léngkah ngolah data téh nyaéta:

- 1) maca, nalaah, jeung nganalisis struktur carita dumasar kana tiori Hasanuddin WS;
- 2) nganalisis aspék kajiwaan dumasar kana psikologi pendidikan humanisme nu nyoko kana tiori Maslow;
- 3) nyusun hasil analisis kana format kartu data;
- 4) nangtukeun karya anu luyu dijadikeun alternatif bahan ajar drama di SMA/SMK/MA dumasar kana eusi carita, psikologi palaku, jeung kritéria bahan ajar nu ditétélakeun ku Nasution;
- 5) ngadéskripsikeun jeung nyieun kacindekan hasil panalungtikan; sarta
- 6) nyusun laporan hasil panalungtikan.

3.5. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun waktu ngolah data. Arikunto (2010, kc. 203) nétélakeun yén instrumén data nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik waktu ngumpulkeun data panalungtikan sangkan datana leuwih lengkep, sistematis, jeung babari diolah.

Ieu panalungtikan ngagunakeun istrumén kartu data jeung céklis tabél hasil analisis. Sakabéh data diasupkeun kana kartu data jeung céklis tabél hasil analisis.

3.5.1. Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun waktu ngumpulkeun data nyaéta kartu data

Tabél 3.1

Kartu Data Struktur Carita

Kode Data: (1/I/B/2/89)
Data :

Keterangan kode data: (1/I/B/2/89)

- 1 : struktur carita
- I : carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”
- II : carita drama “Panti Jompo”
- III : carita drama “Nyai Arum Trésna Malati”
- A1 : palaku
- A2 : peran
- A3 : watek
- B : motivasi, konflik, kajadian, jeung galur
- C : latar jeung ruang
- D : basa
- E : téma jeung amanat
- 2 : nuduhkeun babak
- 89 : nuduhkeun nomor dialog

Tabél 3.2

Kartu Data Aspék Kajiwaan

Kode Data: (2/I/a/M/2/89)
Data :

Keterangan kode data: (2/I/a/M/2/89)

- 2 : psikologi palaku

- I : carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”
- II : carita drama “Panti Jompo”
- III : carita drama “Nyai Arum Trésna Malati”
- a : nuduhkeun palaku kahiji dina carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”/ “Panti Jompo”/ “Nyai Arum Trésna Malati”
- b : nuduhkeun palaku kadua dina carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”/ “Panti Jompo”/ “Nyai Arum Trésna Malati”
- c : nuduhkeun palaku kadua dina carita drama “Pupuh Mijil Pada 82”/ “Panti Jompo”/ “Nyai Arum Trésna Malati”
- K : nuduhkeun kabutuhan
- M : nuduhkeun motivasi
- L : nuduhkeun laku lampah
- U : nuduhkeun udagan
- 2 : nuduhkeun babak
- 89 : nuduhkeun nomor dialog

3.5.2. Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan museur kana ngajén carita drama karya R. Hidayat Suryalaga luyu jeung kritéria bahan ajar nu geus ditangtukeun dumasar hasil panalungtikan strukturalisme jeung psikologi pendidikan humanisme.

Tabél 3.3

Padika Milih Bahan Ajar

No	Judul Carita	Kritéria Bahan Ajar				
		Tujuan nu hayang dihontal	Mibanda ajén pikeun kahirupan manusa	Mibanda ajén warisan ti entragan saméméhna	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan	Luyu jeung kabutuh jeung minat murid